

**ANALISIS PANGGUNAAN MODÉL *DISCOVERY LEARNING*  
NGEUNAAN HASIL PEMBELAJARAN SISWA SEKOLAH  
(Panalungtikan Studi Pustaka)**

Oleh

Mega Nur Sabrina

175060025

**RINGKESAN**

Dina ieu pangajaran siswa can ngahontal ajén KKM anu geus ditangtukeun. Dina palaksanaan pangajaran, siswa kurang motivasi pikeun néangan bahan ajar sacara mandiri sarta masih isin jeung ragu pikeun nepikeun pamadeganana. Guru masih ngagunakeun modél pangajaran konvensional sangkan siswa jadi pasif jeung diajar kurang bermakna. Hal ieu ngabaluarkeun kurangna hasil diajar siswa. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hasil analisis jeung pangajaran ngagunakeun modél *discovery learning* kana hasil diajar siswa SD. Ieu panalungtikan mangrupa studi pustaka anu nalungtik rupa-rupa pustaka saperti jurnal, buku, jeung artikel ilmiah anu aya patalina jeung topik bahasan. Dumasar kana hasil studi pustaka, bisa dicindekkeun yén modél *discovery learning* miboga pangaruh positif kana hasil diajar siswa SD anu bisa mantuan siswa dina nyieun penemuan sangkan siswa bisa diajar sacara aktif jeung siswa bisa ngajawab masalah sorangan. sangkan hasil nu dimeunangkeun bakal diinget ku siswa. Hal ieu dibuktikeun dina panalungtikan anu geus dilakukeun saméméhna ngaliwatan hasil analisis 80% mangaruhan kana hasil diajar. Tina hasil panalungtikan ka 19 jurnal ti sumber anu relevan, nuduhkeun yén penerapan model *discovery learning* ka siswa SD bisa garonjatkeun hasil diajar.

Kecap pamageuh: *modél pembelajaran penemuan, hasil diajar, murid*